

**WARISAN SAJRONE NOVEL “PETHITE NYAI BLORONG” ANGGITANE PENI  
LAN NOVEL “THE TESTAMENT” ANGGITANE JOHN GRISHAM  
(TINTINGAN SASTRA BANDHINGAN)**

**Ela Putri Rahmayanti, Prof. Dr. Darni, M.Hum**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Elaputrir@ymail.com

**Abstrak**

Novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel terjemahan saka Amerika kanthi irah-irahan “*The Testament*” anggitane John Grisham nyritakake ngenani bab andum warisan lumantar layang wasiyat. Kaloro novel kasebut nduweni cara kang beda-beda sajrone andum warisan saengga kaloro novel iku bisa ditliti kanthi kajian sastra bandhingan. Kajian sastra bandhingan kang digunakake luwih nengenake perangan afinitas kanthi tema warisan.

Undherane perkara ing panliten iki ana telu, yaiku (1)kepriye gegambaran adat pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*”? (2)kepriye konflik rebut warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*”? (3)kepriye cara ngrampungake andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*” kawawas saka segi sosial lan budaya?

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif kualitatif komparatif kanggo mbandhingake rong novel kang dipunjerake marang unsur afinitas ngenani bab warisan. Sumber dhata sajrone panliten iki arupa teks novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*”. Dhata ing panliten iki yaiku tetembungan, ukara, lan wacana kang gegayutan karo bab warisan. Teknik ngumpulake dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi studi pustaka.

Asile panliten diperang dadi telu. Kapisan, adat pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” luwih nengenake hukum waris adat kang lumaku ing Jawa dene novel “*The Testament*” luwih nengenake hukum waris perdata kang lumaku ing Virginia. Kapindho, ngenani konflik rebut warisan kang ditandhang dening para paraga sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” yaiku luwih mendhem uneg-unege dene “*The Testament*” luwih blaka lan adhedhasar hukum. Kaping telu, cara ngrampungi andum warisan kawawas saka segi sosial lan budaya sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” yaiku masrahake kabeh marang pihak Bandha Lumeksa ngenani petungan bandha warisan kang ditampa dening Larasati kanthi kulawargan. Novel “*The Testament*” ngrampungake andum warisan kanthi dipasrahake uga marang pengacara lan selaras karo hukum kang lumaku ing Virginia.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Novel yaiku salah sawijine wujud karya sastra kang nyritakake problematika urip bebrayan kang kompleks. Pengarang bisa ngarang karya sastra fiksi kalebu novel kanthi kreativitase lan biyasane tema kang diangkat, dijupuk saka pengalaman urip kang tau dialami dhewe dening pangarang, pengalamane wong liya kang diweruhi dening pengarang, utawa asil imajinasine pengarang dhewe.

Novel terjemahan saka Amerika kanthi irah-irahan “*The Testament*” anggitane John Grisham nate diwaca dening panliti, amarga panliti seneng banget maca karya-karyane John Grisham kang mesthi nyritakake ora adoh saka bab hukum. Ing sisih liya, nalika ana wektu luwang panliti uga nate maca novel kanthi irah-irahan “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni kang nganggo basa Jawa. Sawise maca novel kasebut, panliti banjur nduweni idhe kanggo mbandhingake novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*” amarga isi critane meh memper. Kaloro novel kasebut nyritakake ngenani bab warisan kanthi anane layang wasiyat.

Bab warisan minangka salah sawijine bab kang *sensitif* kanggone wong urip bebrayan. Warisan yaiku bandha donya kang ditinggalake dening pewaris marang ahli waris. Warisan kang diwenehake pewaris lumantar layang wasiyat marang ahli waris sajrone crita ing novel “Pethite Nyai Blorong” iki nuwuhake anane rajapati amarga rebutan warisane Nyai Blorong. Warisan uga nuwuhake anane pradondi kanthi cara hukum amarga pewaris menehi saperangan gedhe bandha warisane marang anak harame, Rachel sajrone novel “*The Testament*”. Crita bab warisan iki narik kawigatene panliti kanggo dibandhingake yaiku antarane warisan sajrone urip bebrayan wong Jawa karo warisan sajrone urip bebrayan wong Amerika.

Sastrra bandhingan yaiku studi teks lintas budaya. Studi iki minangka upaya interdisipliner, kang nggayutake sastra adhedhasar wektu lan panggonan. Panganggone istilah “Sastra Bandhingan” dibedakake dadi loro. Sepisan, istilah iki digunakake kanggo studi sastra lisan, mligine crita-crita rakyat, sarta kepriye lan kapan crita rakyat mlebu sajrone panulisan sastra kang luwih artistik. Kaloro, istilah sastra bandhingan nyakup studi ngenani gegayutan rong kasusastran utawa luwih (Wellek lan Warren, 1989: 49).

Kagiyatan sastra bandhingan iku mesthi mbandhingake karya sastra siji lan liyane kang nduwensi bab sing memper utawa meh padha bisa saka segi tema, alur, lan liya-liyane. Karya sastra kang bisa dibandhingake tuladhané yaiku karya sastra arupa novel, cerkak, cerbung, lan sapiturute. Hutomo (1993: 11) ngandharake yen umume praktek studi sastra bandhingan ing Negara kulonan lan wetanan adhedhasar afinitas, tradhisi, lan pengaruh. Ing panliten iki panliti bakal nggunakake kajian sastra bandhingan kanthi landhesan afinitas.

Bab ngenani warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni kang nggunakake basa Jawa lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham kang wis diterjemahake ing basa Indonesia iki ditliti supaya diweduhi yen saka rong novel iku ana unsur afinitas kang beda ngenani warisan kanggo dibandhingake. Bab kang narik kawigaten kasebut gegayutan karo kahanan sosial lan budaya kang beda ironing novel. Kanthi andharan ing panliten iki mugamuga bisa nambahi kawruh ngenani sastra bandhingan tumrap pamaca

### Undherane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, bisa dirumusake undhere panliten, kaya ing ngisor iki.

- (1) Kepriye gegambaran adat pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham?
- (2) Kepriye konflik rebut warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham?
- (3) Kepriye cara ngrampungake andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*” kawawas saka segi sosial lan budaya?

### Ancase Panliten

Adhedhasar underaning panliten, bisa didudut ancace panliten kaya ing ngisor iki.

- (1) Kanggo njlentrehake gegambaran adat pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham.
- (2) Kanggo njlentrehake konflik rebut warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John G.
- (3) Kanggo njlentrehake cara ngrampungake andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham kawawas saka segi sosial lan budaya.

### Paedah Panliten

Panliten iki nduwensi paedah kaya ing ngisor iki.

- (1) Tumrap pangrembakan sastra Jawa modern, bisa nambah cacahé panliten minangka wujud saka panliten sastra ing kasusastran Jawa Modern. Panliten iki uga bisa nambahi cacahé panliten tintingan sastra bandhingan ing jagading kasusastran Jawa Modern.

- (2) Tumrap pamaca, bisa nambah wawasan ngenani piguna tintingan sastra bandhingan yaiku mbandhingake rong karya sastra novel saka rong Negara kang beda. Panliten iki uga bisa menehi wawasan marang pamaca ngenani bab andum warisan ing Jawa lan Amerika.
- (3) Tumrap piwulang sastra, bisa mbantu mahasiswa nalika sinau ngenani babagan sastra mliline yaiku sastra bandhingan.

### Wewatesane Tetembungan

Panjlentreh tetembungan iki karakit kanggo mangerteni tetembungan kang wigati sajrone panliten. Wewatesane tetembungan kasebut yaiku kaya ing ngisor iki.

- 1) Warisan  
Warisan yaiku bandha donya kang ditinggalake dening pewaris marang ahli waris.
- 2) Novel  
Novel yaiku karangan awujud gancaran asipat fiktif kang nyritakake sawijining kedadeyan saka panguripane manungsa.
- 3) Sastra bandhingan  
Sastra bandhingan yaiku kajian sastra kang mbandhingake sastra antarane Negara siji lan sijine sarta mbandhingake sastra klawan bidhang liya minangka sakabehe aspek kang wigati ana ing panguripan. (Damono, 2005:2)
- 4) Afinitas  
Tembung afinitas asale saka basa latin *ad* sing tegese cedhak lan tembung *finis* sing tegese wates. Dadi, afinitas yaiku gegayutane unsur-unsur intrinsik sajrone karya sastra, kayata unsur struktur, gaya, tema, swasana, lan sapiturute sing didekake sumber kanggo nulis karya sastra.

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Novel

Novel asale saka basa Italia *novella* (basa Jerman *novelle*). *Novella* ateges barang anyar kang cilik, banjur ditegesi minangka crta cekak awujud prosa. Istilah kasebut uga ana ing Indonesia kang diarani *novelet* yaiku karya prosa fiksi kang rada dawa, nanging ora dawa banget lan uga ora cekak banget (Burhan Nurgiyantoro, 2010:9). Dadi, bisa didudut yen tegese novel yaiku karangan awujud gancaran asipat fiktif kang nyritakake salah sawijine kedadeyan saka panguripane manungsa.

Novel kang bakal dianalisis kanthi tintingan sastra bandhingan ing kene yaiku novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni minangka novel basa Jawa lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham minangka novel terjemahan saka novel Amerika. Kaloro novel kasebut nduwensi isi kang memper lan meh padha yaiku ngenani bab warisan. Kanggo mangerteni isi lan wujude kaloro novel kasebut, mula kudu mangerteni unsur-unsur pamangune karya sastra novel.

Unsur pamangun novel ana loro, yaiku unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Unsur intrinsik yaiku

unsur-unsur kang mangun karya sastra iku dhewe (Nurgiyantoro, 2010: 23). Unsur ekstrinsik yaiku unsur-unsur kang ana ing njabane karya sastra, nanging uga nduweni pengaruh kanggo mangun karya sastra iku dhewe.

Novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*” iki saliyane nduweni unsur intrinsik uga ngandhut unsur ekstrinsik. Unsur ekstrinsik kang dimaksud yaiku ngenani adat pambagene warisan ing Jawa lan ing Amerika. Biografi pengarang uga melu menehi pengaruh sajrone reriptane kaloro novel kasebut.

### Sastra Bandhingan lan Ruwang Lingkupe

Sastra bandhingan iku saka tetembungan basa Inggris *Comparative Literature* utawa saka basa Prancis *La Litterature Comparee*. Miturut Endrasawara, sastra bandhingan yaiku sawijining studi teks *across cultural*. Studi iki minangka upaya interdisipliner, kang nggayutake sastra adhedhasar wektu lan panggonan utawa wilayah (2003: 127). Saka aspek wektu, sastra bandhingan bisa mbandhingake loro utawa luwih periode kang beda, dene aspek panggonan bakal ngiket sastra bandhingan adhedhasar wilayah geografis sastra.

Sastra bandhingan diperang dadi rong aliran, yaiku aliran Amerika lan Prancis. Aliran Amerika nduweni panemu yen sastra bandhingan menehi peluang kanggo mbandhingake sastra karo bidhang ilmu liya sanjabane sastra, kayata seni, filsafat, sejarah, agama, lsp. Sastra bandhingan aliran Prancis nduweni panemu yen sastra bandhingan mung mbandhingake sastra karo sastra. Kaloro aliran kasebut sarujuk yen sastra bandhingan kudu asipat lintas Negara, ateges kudu mbandhingake sastra saka Negara siji karo Negara liyane.

Kanggo nindakake kajian sastra bandhingan mesthine nduweni tujuwan kang kudu bisa digayuh. Tujuwan sastra bandhingan ana nem (Hutomo, 1993:9-11).

- 1) Kanggo nggoleki pengaruh sastra siji lan liyane utawa pengaruh bidhang liya sarta suwalike sajrone donyaning sastra.
- 2) Kanggo nemtokake endi karya sastra kang isih asli utawa orisinal lan endi sing ora asli sajrone lingkup sastra.
- 3) Kanggo ngilangake kesan yen karya sastra nasional tartamtu luwih hebat dibandhingake karya sastra nasional liyane.
- 4) Kanggo nggolekake keragaman budaya kang ana sajrone karya sastra siji lan liyane.
- 5) Kanggo ngukuhake keuniversalan konsep-konsep kaendahan universal sajrone sastra.
- 6) Kanggo nilai mutu karya-karya saka Negara-negara lan kaendahan karya sastra.

Ing panliten iki, panliti bakal nggayuh tujuwan kaping papat yaiku kanggo nggolekake keragaman budaya kang ana sajrone karya sastra siji lan liyane.

Objek kang bakal dibandhingake sajrone kajian sastra bandhingan yaiku bab kang padha lan beda sajrone karya sastra. Sajrone sastra bandhingan kang dibandhingake yaiku kedadeyan sejarah, gayutane

karya sastra, bab kang padha lan beda, tema, genre, *style*, perangkat evolusi budaya, lan sapiturute (Remak sajrone Damono, 2005: 2). Remak uga menehi watesan ngenani objek sastra bandhingan yaiku mung saka karya sastra nasional lan karya sastra donya (dunia). Dadi bisa didudut kajian sastra bandhingan yaiku kepriye panliti bisa nemokake kekhasan karya sastra sing bakal dibandhingake.

Miturut Hutomo (1993: 9) ruwang lingkup studi sastra bandhingan sastra nasional, yaiku:

- 1) Mbandhingake rong karya sastra utawa luwih saka rong Negara kang basane beda.
- 2) Mbandhingake rong karya sastra saka rong Negara kanthi basa kang padha, ateges basane padha nanging dialeke beda.
- 3) Mbandhingake rong karya sastra saka Negara sing beda, nanging pengarange saka negara sing padha.
- 4) Mbandhingake karya wiwit sawijine pengarang ing Negara asale karo karya pengarang sawise dadi warga negara liya.
- 5) Mbandhingake karya sastra sawijine pengarang kang wis dadi warga negara sawijine Negara tartamtu (dudu Negara kelairane) karo karya sastra sawijine pengarang saka Negara liya.
- 6) Mbandhingake karya sastra sawijine pengarang kang nulis rong basa, yaiku nganggo basa dhaerah lan sing ditulis nganggo basa Indonesia, utawa basa manca liyane.
- 7) Mbandhingake rong karya sastra saka loro pengarang warga Negara Indonesia sing nulis karya ing basa asing kang beda.
- 8) Mbandhingake rong karya sastra wong manca sing urip ing salah sawijine Negara karo karya sastra asli saka negara kang dienggoni.

Sajrone panliten sastra bandhingan iki, panliti milih ruwang lingkup sepisan, yaiku mbandhingake rong karya sastra utawa luwih saka rong Negara kang basane beda. Novel sing bakal dibandhingake yaiku novel basa Jawa kanthi irah-irahan “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel Amerika kang wis diterjemahake ing basa Indonesia kanthi irah-irahan “*The Testament*” anggitane John Grisham.

Hutomo (1993: 11-12) ngandharake yen kanggo mraktekake sastra bandhingan saliyane adhedhasar ruwang lingkup ing ndhuwur uga kudu adhedhasar salah siji saka telung bab ing ngisor iki, yaiku:

- 1) Afinitas  
Tembung afinitas asale saka basa latin *ad* kang tegese cedhak lan tembung *finis* kang tegese wates. Dadi, afinitas yaiku gegayutané unsur-unsur intrinsik sajrone karya sastra, kayata unsur struktur, gaya, tema, swasana, lan sapiturute kang didadekake sumber kanggo nulis karya sastra.
- 2) Tradhisi  
Tradhisi yaiku unsur kang gegayutan karo sejarah mula bukane pengarang ngarang karya sastra lan uga gegayutan karo wektu panulisan salah sawijine karya sastra. Karya sastra sing lair luwih dhisik diangep dadi sumber utama panulisan karya sastra sabanjure.

### 3) Pengaruh

Istilah pengaruh iki gegayutan karo saperangan utawa sakabehe unsur karya sastra. Lumantar pengaruh iki, bisa ndadekake anane transformasi, adaptasi, saduran, lan terjemahan. Pengaruh iku sejatine ora padha karo njiplak utawa plagiat.

Saka katelu bab ing ndhuwur, landhesane panliti kanggo nliti sastra bandhingan iki yaiku ing bab sepisan ngenani afinitas.

### Warisan

Tembung waris asale saka basa Arab *Al-miirats*, kang nduweni makna miturut basa yaiku pindhahe samubarang saka sawijine pawongan marang pawongan liyane. Makna *Al-miirats* miturut para ulama yaiku pindhahe hak pemilikan saka pawongan kang wis tilar donya marang ahli warise kang isih urip, sing ditinggalake bisa arupa bandha donya (duwit), mobil, tanah, lan sapiturute (Pimpii, 2009).

Unsur-unsur kang kudu dimangerteni ngenani bab warisan yaiku pewaris, ahli waris, lan bandha warisan.

- 1) Pewaris yaiku pawongan kang wis tilar donya lan ninggalake bandha donya utawa pawongan kang menehi warisan (Sjarif lan Elmiyah, 2005: 10). Biyasane pewaris menehi bandha donya uga kewajiban (utang) marang ahli waris.
- 2) Ahli waris yaiku pawongan kang nduweni hak nrima bandha lan kuwajiban (utang) tinggalane pawongan kang wis tilar donya (pewaris), awit saka gayutan kulawarga, utawa pawongan kang wis dipercaya.
- 3) Bandha warisan yaiku sakabehe samubarang kang diwenehna pewaris marang ahli waris, awit arupa hak utawa bandha donya kayata omah, montor, emas, lan sapiturute uga kuwajiban arupa utang.

### Hukum Waris ing Indonesia

#### a) Hukum Waris Adat

Indonesia minangka Negara kepuloan kang nduweni maneka suku bangsa, agama, lan adat-istiadat kang beda antarane siji lan liyane. Bab kasebut ndadekake hukum kang lumaku ing saben golongan masyarakat, kanthi sebutan hukum adat. Hukum waris adat yaiku aturan-aturan hukum kang ngatur penerusan lan peralihan bandha kasugihan kang nduweni wujud lan ora nduweni wujud marang generasi sabanjure. Hazairin ngandharake yen “Hukum waris adat nduweni corak dhewe sajrone alam pikiran masyarakat tradisional kanthi wujud paseduluran kang sistem keturunane patrilineal, matrilineal, parental utawa bilateral (Hazairin Hkb sajrone Hadikusuma, 2014: 203).

Sistem keturunan Patrilineal yaiku salah sawijine adat masyarakat kang ngatur alur keturunan saka pihak Bapak. Ahli waris sajrone sistem patrilineal yaiku mung anak lanang, tuladhané ing masyarakat Batak lan Bali. Kaloro yaiku masyarakat matrilineal ing Minangkabau. Matrilineal yaiku sistem kulawarga kang narik garis keturunan saka pihak Ibu. Masyarakat parental yaiku masyarakat kang anggota-anggotane

narik garis keturunan lumantar garis ibu lan bapak. Sistem parental iki dinut ing Jawa, Madura, Sumatera Timur, Riau, Aceh, Sumatera Selatan, Kalimantan, Sulawesi, Ternate, lan Lombok.

Adhedhasar andharan telu sistem keturunan, Indonesia uga nduwe hukum adat waris kang dibedakake dadi telu sistem pewarisan, yaiku pertama Sistem Individual. Adhedhasar sistem iki, saben ahli waris nampa bandha warisan miturut bageyane dhewe-dhewe, kayata ing Jawa lan Batak. Kaloro yaiku Sistem Kolektif. Sistem pewarisan iki yaiku ahli waris nerima bandha warisan minangka siji kemanungan kang ora dibagi-bagi kepemilikane. Tuladhané yaiku Ambon, Minangkabau, Minahasa. Katelu yaiku Sistem Mayorat kang bandha warisan mung bisa ditampa dening salah sawijine anak tartamtu. Anak paling tuwa nduweni tugas minangka pimpinan kulawarga ngganteni kalungguhane Bapak utawa Ibune.

#### b) Hukum Waris Islam

Hukum waris Islam lumaku kanggo masyarakat Indonesia kang agamane Islam lan diatur sajrone Pasal 171-214 Kompilasi Hukum Indonesia, yaiku materi hukum Islam kang ditulis sajrone 229 pasal (Wicaksono, 2011: 123). Hukum waris Islam nganut prinsip kewarisan individual bilateral, dudu kolektif utawa mayorat. Pewaris bisa saka pihak Bapak utawa Ibu. Miturut hukum waris Islam ana telu syarat supaya pewarisan dinyatake ana, saengga bisa nampa hak ahli waris kanggo nerima warisan. Syarat kasebut yaiku (1) pawongan kang mariske (pewaris) wis tilar donya lan bisa dibuktikake lumantar hukum yen pewaris wis tilar donya; (2) ahli waris isih sugeng utawa urip nalika pewaris tilar donya; (3) pewaris lan ahli waris nduweni hubungan keturunan utawa paseduluran, pertalian saka garis lurus mendhuwur kayata Bapak utawa mbah kakung lan pertalian lurus mangisor kayata anak, putu utawa wayah, paman, lsp. Saliyane iku uga saka hubungan perningkahan.

Yen sawijine pawongan tilar donya lan ora ninggalake ahli waris kang bakal mariske, mula bandha kasugihane bakal diwenehake marang baitul mal dimanfaatake kango kepentingan umat islam (<https://www.futuready.com/articleDetail/index>).

#### c) Hukum Waris Perdata

Hukum waris perdata utawa kang kerep disebut hukum waris barat lumaku kanggo masyarakat non muslim, kalebu warga negara Indonesia keturunan Tionghoa, Eropa, Amerika kang ketentuané diatur sajrone Kitab Undang-undang Hukum Perdata / KUHP (Wicaksono, 2011: 3). Hukum waris perdata nganut sistem individual yaiku saben ahli waris ngolehake bandha warisan miturut pambagene dhewe-dhewe. Sajrone hukum waris perdata ana rong cara kanggo mariske.

- 1) Mariske adhedhasar undang-undang utawa mariske tanpa layang wasiyat kang disebut minangka Ab-instentato, lan ahli warise disebut Ab-instaat. Ana 4 golongan ahli waris adhedhasar undang-undang, yaiku:

- Golongan I : suami istri, lan anak-anak sarta keturunane.

- Golongan II : wong tuwa lan para sedulur sarta keturunane.
- Golongan III : simbah lanang lan wadon, sarta sateruse ing ndhuwur
- Golongan IV : saka kulawarga sajrone garis mangiwa utawa manengen kang luwih adoh, kalebu para sedulur ahli waris golongan III sarta keturunane

2) Marisake adhedhasar layang wasiyat.

Wasiyat yaiku arupa pernyataan salah sawijine pawongan ngenani apa kang bisa dikarepake sawise dheweke tilar donya kang bisa diubah utawa dijabut nalika dheweke isih gesang selaras karo Kitab Undang-Undang Hukum Perdata Pasal 992. Cara ngubah utawa njabute wasiyat kudu ditindakake karo notaris, lan nggawekake wasiyat anyar. Syarat nggawae layang wasiyat iki berlaku kanggo pawongan kang wis umur 21 taun utawa luwih lan wis ningkah senajan umure durung 21 taun (Wicaksono, 2011:35). Golongan ahli waris kang bisa nerima warisan adhedhasar layang wasiyat yaiku kabeh wong kang wis ditunjuk karo pewaris lumantar layang wasiyat kanggo dadi ahli warise.

Tatacara nggawae wasiyat yaiku, (1) diucapake kanthi lisan ing ngarepe wong loro saksi, utawa; (2) kanthi katulis ing ngarepe wong loro saksi, utawa; (3) langsung ing ngarepe notaris. Wasiyat mung bisa dileksanakake kanthi sakakeh-akehe 1/3 saka bandha warisan, kecuali yen kabeh ahli warise nyarujuuki. Pewasiyat bisa narik balik layang wasiyate sakala-kala. Penarikan layang wasiyat iki bisa ditegesi yen pewasiyat njabut layang wasiyate lan pewasiyat bisa nggawe layang wasiyat anyar supaya bisa lumaku. Bab kang kudu digatekake sajrone panulisan layang wasiyat yaiku kaya mangkene.

- (1) Layang wasiyat mung bisa digawe, kanthi akta olografis utawa ditulis tangan dhewe, kanthi akta umum utawa kanthi akta rahasia utawa akta tertutup.
- (2) Wasiyat olografis kudu sakabebe ditulis tangan lan ditapak astani dening pewaris.
- (3) Wasiyat kudu dititipake dening pewaris marang notaris kanggo disimpen kanthi diseksesni saorane wong loro seksi.

### Warisan Ing Amerika

Warisan ing Amerika diatur lumantar hukum perdata kang kudu diugemi karo rakyate. Lumrahe wong Amerika wis nyiyapake layang wasiyat sadurunge dheweke tilar donya. Layang kasebut isine ngenani sapa kang bisa nerima dhuwit utawa bandha kasugihane wong kang wis seda. Ahli waris kang bisa nampa bandha warisan saka pewaris yaiku sapa wae kang jenenge ana utawa katulis ing layang wasiyat. Saliyane kulawarga, wong kang bisa nampa warisan lumantar layang wasiyat yaiku bisa kanca sekolah, rumah sakit, utawa sapa wae sing dipengini dening pewaris dadi ahli waris.

Layang wasiyat kudu dileksanakake dening sapa wae pawongan kang umure sandhuwure 18 taun utawa wis ningkah, utawa ing militer kanggo mbantu

ngedohi pradondi ngenani bandha donyane. Layang wasiyat pungkasan penting banget kanggone wong tuwa kang nduweni anak-anak cilik amarga bisa nunjuk wali lan nduweni swara kanggo anak-anake. Kanggo nggawae layang wasiyat pungkasan ora angel. Pewaris mung mutusake :

- 1) Sapa kang dadi ahli waris nalika dheweke tilar donya.
- 2) Sapa wae kang nerima warisan: bisa kanca, amal.
- 3) Sapa jeneng pelaksana eksekutor layang wasiyat

Pelaksana eksekutor yaiku sawijine pawongan kang ngelola warisan laras karo layang wasiyat. Pewaris kudu milih wong kang bisa dipercaya lan tanggung jawab marang tugas penting iki. Pelaksana eksekutor uga nyiyapake wali kang wis ditunjuk dening pewaris kanggo ngrumat anak-anake sing isih cilik utawa kewan sing diingu.

Layang wasiyat pungkasan penting banget kanggo menehi petunjuk ngenani sapa kang bakal nampa warisan saka pewaris sawise pewaris tilar donya. Yen pewaris ora nduweni layang wasiyat lan ora nduweni sedulur nalika dheweke tilar donya, bandha warisan bakal diwenehna marang Negara. Pewaris uga bisa menehake sebageyan utawa kabeh warisane kanggo organisasi amal (Â§ 64.2-401).

Pawongan kang ora bisa nulis lan wicara kanthi jelas ora bisa nggawe layang wasiyat kanthi pribadhi. Pawongan kang setres, gendheng utawa lara pikir kang ditandhang dening jiwan, ora bisa nggawe layang wasiyat (Â§ 64.2-401).

Layang wasiyat bisa direvisi utawa diubah nalika pewaris nikah, cerai utawa nduweni masalah kang signifikan sajrone kulawargane (Â§ 64.2-412). Anane revisi layang wasiyat ndadekake layang wasiyat kang wis ditulis sadurunge ora bisa lumaku maneh (Â§ 64.2-410). Layang wasiyat sing wis digawe sadurunge kudu ditarik lan diganti karo layang wasiyat anyar. Layang wasiyat kudu ditandatangani lan diwenehi tanggal dening pewaris, lan pihak hukum uga mbutuhake tapak asma saka rong saksi lan uga notaris (Â§ 64.2-403).

Hukum waris ing Virginia lumaku kanthi anane undang-undang kang ngatur. Ahli waris minangka paraga kang bakal nampa warisan kudu jelas. Miturut hukum waris kasebut, yen pernikahan wis paripurna kanthi anane perceraihan utawa wis dinyatakake batal, mantan pasangane ora bakal ngolehake bageyan warisan (Â§ 64.2-412).

Anak-anak kang lair sanjabane iketan ningkah kanthi resmi, bakal marisi padha kaya anak kang lair karana pernikahan. Ibu lan sedulur sarta bapa lan sedulure bakal marisi saka anak-anak kasebut. Istilah kanggo anak-anak kasebut yaiku anak haram. Anak kang dilairake tanpa anane iketan nikah disebut anak haram. Anak haram ing Virginia, Negara bageyan Amerika Serikat iki isih nduweni hak kanggo marisi bandha warisan saka wong tuwane.

### 2.5 Landasan teori

Panliten iki mujudake kajian sastra bandhingan. Sastra bandhingan modhel aliran Amerika

minangka modhel aliran kang dipilih kanggo njlentrehake kajian sastra bandhingan ing panliten iki. Aliran Amerika nduweni panemu yen sastra bandhingan menehi peluang kanggo mbandhingake sastra karo bidhang ilmu liyane sanjabane sastra, kayata seni, filsafat, sejarah, agama, lan sapiturute.

Panliten sajrone sastra bandhingan iki, panliti milih mbandhingake rong karya sastra saka rong Negara kang basane beda. Karya sastra utawa novel sing bakal dibandhingake yaiku novel basa Jawa kanthi irah-irahan “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel Amerika kang wis diterjemahake ing basa Indonesia kanthi irah-irahan “*The Testament*” anggitane John Grisham. Kaloro novel kasebut nyritakake ngenani bab andum warisan kanthi anane layang wasiyat.

Landhesane panliti kanggo nliti sastra bandhingan iki yaiku ing bab afinitas. Panliten iki bakal njlentrehake unsur intrinsik lan gayutane karo sosial budaya sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*”. Panliten iki diperang dadi telung bab yaiku ngenani adat pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan “*The Testament*”, konflik rebut warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*”, cara ngrampungake andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham kawatas saka segi sosial lan budaya.

## METODHE PANALITEN

### Ancangan Panliten

Sajrone ancangan panliten iki, panliti nemtokake metodhe kang cocog digunakake kanggo nliti novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham kanthi tintingan sastra bandhingan. Metodhe panliten kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe panliten deskriptif kualitatif komparatif.

Panliten kualitatif asipat dheskriptif yaiku nyathet kanthi rinci lan tliti sakabehing kahanan (fenomena) kang dideleng, dirungu, lan diwaca sarana wawanrembug, foto, *tape recorder*, lan liya-liyane. Metodhe dheskriptif yaiku dhata kang dikumpulake awujud tembung-tembung, gambar, lan ora awujud angka (Endraswara, 2003: 3). Panliten iki uga kalebu panliten kang asipat komparatif. Tembung “komparatif” sajrone basa Inggris *comparation* yaiku perbandhingan. Panliten komparatif yaiku panliten kang asipat mbandhingake. Panliten iki ditindakake kanggo mbandhingake bab kang padha lan beda saka loro utawa luwih fakta lan sipat objek kang ditliti adhedhasar kerangka pamikiran tartamtu (Silalahi, 2009: 35).

Bab iki ngelingake yen sastra iku minangka disiplin ilmu kang nduweni objek kang gampang utawa jelas, nduweni metodhe lan pamarekan kang jelas. Panliten dheskriptif kualitatif komparatif iki bakal ditindakake supaya bisa ngolehake informasi kang akurat sajrone panliten novel basa Jawa kanthi irah-irahan “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel

“*The Testament*” anggitane John Grisham kanthi tintingan sastra bandhingan.

### Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata yaiku subjek kang nuduhake asal usule objek. Sumber dhata panliten iki bisa diperang dadi loro, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer ing kene yaiku novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*”. Sumber dhata sekunder ing panliten iki yaiku buku-buku referensi kang gegayutan karo prekara warisan ing Jawa lan Amerika.

Dhata yaiku asil cathetan arupa kasunyatan (Arikunto, 2006: 118). Dhata primer kang dikumpulake sajrone panliten iki, yaiku dhata kang awujud tetembungan, ukara lan wacana kang ana gegayutanane karo prekara kang ditliti kayata cuplikan saka novel “Pethite Nyai Blorong” lan “*The Testament*”. Dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku dhata sosial lan budaya ngenani bab warisan ing Jawa lan Amerika.

### Teknik Ngumpulake Dhata

Teknik ngumpulake dhata minangka langkah pisanan sajrone nganakake panliten, amarga tujuwan utama saka panliten yaiku ngolehake dhata. Tanpa weruh teknik ngumpulake dhata, panliti ora bakal bisa ngolehake dhata kanthi standart dhata kang wis ditetepna. Teknik ngumpulake dhata sajrone panliten iki nggunakake teknik maca, cathet, lan pustaka. Kanggo ngolehake dhata-dhata kang ana sajrone novel, panliti kudu maca novel dhisik kanthi setiti supaya oleh dhata kang gayut karo panliten. Sawise novel diwaca, lan oleh dhata-dhata kang gayut karo bab sing ditliti banjur dicathet. Teknik cathet, yaiku panliti minangka instrument kunci kanggo nyathet dhata. Teknik pustaka yaiku teknik nggunakake sumber-sumber medhia cethak kanggo ngolehake dhata (McDrury sajrone Moleong, 2006: 248).

### Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata nduweni tujuwan kanggo nyedherhanakake dhata kanthi wujud kang luwih gampang diwaca lan diinterpretasikake (Moleong, 2006: 280). Panliten iki nggunakake tahap-tahap kaya ing ngisor iki sajrone nganalisis dhata.

- 1) Maca kanthi setiti lan wola-wali novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham banjur nemokake tema warisan lan carane andum warisan ing Jawa lan Amerika.
- 2) Ngumpulake dhata kang gegayutan karo panliten. Tahap ngumpulake dhata dilakokake dening panliti kanthi cara ngumpulake kabeh dhata kang ana ing objek panliten. Dhata-dhata kasebut minangka dhata kang gegayutan karo bab warisan.
- 3) Merang dhata kang arep ditliti. Tahap merang dhata, panliti merang dhata selaras karo bab-bab kang gegayutan karo warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “*The Testament*” anggitane John Grisham.

- 4) Penyajian Asil. Sajrone panliten iki dijentrehake dhata arupa uraian asil analisis wujud ukara. Jlentrehan kasebut minangka jlentrehan saka undere panliten kang diwangsuli dening panliti awujud deskripsi asil panliten. Ing penyajian asil iki bakal ditemokake bab kang padha lan beda saka proses andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “The Testament”.
- 5) Ndudut asile panliten. Kegiyatan pungkasan panliten yaiku menehi dudutan saka asile analisis. Panliti njlentrehake asil analisis adhedhasar kajian sastra bandhingan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni lan novel “The Testament” anggitane John Grisham.

### Cara Panulise Asil Panliten

Tata cara nulis asile panliten yaiku ditulis kanthi sistematik skripsi, kaya ing ngisor iki.

Bab I : ngandharake purwaka kang isine ngenani bab landhesane panliten, undere panliten, ancase panliten, paedahe panliten, wewatesane tetembungan.

Bab II : ngenani tintingan kapustakan kang isine ngemot bab panliten saemper,novel, sastra bandhingan, lsp.

Bab III : ngenani metodhe panliten kang isine ngandharake bab ancangan panliten, dhata lan sumber dhata, metodhe lan teknik analisis dhata, cara panulisan asile panliten.

Bab IV : andharan asile panliten.

Bab V : ngenani dudutan lan saran saka asile panliten.

### ASILING PANLITEN

#### Pambagene Warisan Sajrone Novel “Pethite Nyai Blorong” Anggitane Peni

Novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni iki nyritakake ngenani pambagene warisan lumantar layang wasiyat. Novel “Pethite Nyai Blorong” nggunakake basa Jawa lan setting critane yaiku ing tanah Jawa, Indonesia. Umume pambagene warisan ing Indonesia bisa diperang dadi telu, yaiku hukum waris adat, hukum waris islam, lan hukum waris perdata. Hukum pambagene warisan ing Indonesia sing kerep digawe yaiku hukum waris adat. Novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni iki nggunakake hukum waris adat Jawa. Hukum waris adat kaya kang wis dijentrehake ing bab loro bakal nglandhesi panliten iki kanggo ngudhal isine novel “Pethite Nyai Blorong”.

##### a) Pambagene Warisan dening Pihak Bandha Lumeksa Lumantar Layang Wasiyat

Pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” sing sepisan yaiku lumantar pihak Bandha Lumeksa. Pihak Bandha Lumeksa sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” diwakili dening paraga Pak Den Bei Jayatanaya. Pak Den Bei Jayatanaya iki minangka pihak penyulur layang wasiyat saka pewaris marang ahli waris. Pak Den Bei Jayatanaya minangka pawongan kang wis diprecaya dening Nyai Blorong kanggo ngawat-awati bandha warisane. Setting crita kang manggon ing tanah Jawa nalika taun 1962 iki

nggunakake cara ngurus warisan kang isih sedherhana. Pewaris utawa Raden Ayu Sudarawerti iki mung masrahake pambagene bandha warisane lumantar layang wasiyat kang isine ora ana sing weruh, kajaba ahli waris tartamtu kang wis dipasrahi. Bab kasebut bisa kawawas saka pethikan iki.

“Para Sedherek lan Anak Angger. Ing wekdal menika kula dados wakilipun Bandha Lumeksa, ingkang samanika kapatah dados purbawasesaning swargi Raden Ayu Sudarawerti ngawat-awati bandha tetilaranipun. Nuwun, ing serat tilaranipun Raden Ayu Sudarawerti ingkang kaalamataken dhumateng pengagenging Kantor Bandha Lumeksa katitimangsang Nglebak, 27 Januari 1962, mratelakaken bilih sadaya kasugihanipun, margi panjenenganipun boten kagungan putra tumurun pribadi, sampun kaedum miturut suraosing serat-serat amplopan.” (PNB, 1996: 44)

Cara pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” diserahake marang pihak Bandha Lumeksa lumantar layang wasiyat. Raden Ayu Sudarawerti utawa kang dikenal kanthi jeneng Nyai Blorong iki Kawentar amarga bandha kasugihane. Sawise Raden Ayu Sudarawerti seda, pihak Bandha Lumeksa banjur marani para ahli waris kulawargane Nyai Blorong. Pihak Bandha Lumeksa banjur nyampekake wasiyat saka pewaris kanggo mbagi warisane lumantar layang wasiyat kang wis amplopan marang para ahli warise. Pihak Bandha Lumeksa iki minangka perantara antarane pewaris, Nyai Blorong lan para ahli waris.

##### b) Pambagene Warisan Adhedhasar Hukum Waris Adat Sistem Individual Masyarakat Jawa

Pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” iki dileksanakake lumantar hukum adat waris. Hukum adat waris sing digawe ing kene yaiku hukum adat waris Jawa kanthi sistem kewarisan individual. Sistem kewarisan individual sajrone hukum adat waris yaiku saben ahli waris nerima bandha warisan miturut bageyan dhewe-dhewe. Bab pambageyan kanthi sistem individual iki bisa kawawas saka pethikan ing ngisor.

“Serat ingkang angka sepisan tumedhak dhumateng: Raden Mas Baskara, ingkang rayi swargi Raden Ayu Sudarawerti. Layang angka kalih dhumateng Angger Murdanu, putra kwalon swargi Raden Ayu Sudarawerti.... (PNB, 1996: 46)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen sajrone novel iki, pewaris mbagi warisan miturut sistem individual adhedhasar hukum adat waris Jawa. Pewaris yaiku Raden Ayu Sudarawerti menehi bageyan dhewe-dhewe marang para ahli warise. Pewaris utawa Raden Ayu Sudarawerti mbagi warisane lumantar layang wasiyat kang ditujokake marang kawolu ahli warise. Saben ahli waris diwenehi layang wasiyat kang isine beda-beda. Layang wasiyat kasebut isine ngenani akehe bandha warisan kang wis

dicepakake pewaris marang ahli waris sing jenenge wis kacantum ing amplop.

### c) Pambagene Warisan Adhedhasar Masyarakat Parental / Bilateral

Pambagene warisan utawa cara andum warisan lumantar layang wasiyat sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni iki uga adhedhasar masyarakat Parental. Garis keturunan minangka salah siji unsur kang wigati nalika andum utawa mbagi warisan. Sistem kulawarga parental utawa bilateral nduwensi ciri khas yaiku anak lan wadon nduwensi hak kang padha marang bandha warisan wong tuwane.

Masyarakat Jawa sajrone mbagi warisan marang ahli warise ngugemi hukum adat waris yaiku yen pewaris seda, bojo sarta keturunane sing dadi ahli warise. Yen pewaris ora nduwensi anak turun, bandha warisan bisa diwarisake marang wong tuwane lan para sedulur kandhung sarta keturunane.

Warisan kerep dadi prekara gedhe lan bisa nuwuahake anane rajapati kaya kang ana sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” iki. Raden Ayu Sudarawerti kang ngugemi hukum waris adat Jawa bakal menehna warisan sing gedhe dhewe marang Larasati yaiku anak saka Kangmase Sulaksana. Kahanan kasebut amarga Raden Ayu Sudarawerti ora nduwensi putra turun cer lan sedulur kandhunge kang wis nduwensi putra turun mung Kangmas Sulaksana swargi. Bab kasebut bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“... manut petanganipun sawatawis priyantun, ingkang angsal tilaran bandha kathah piyambak inggih menika Raden Ajeng Larasati. Sepisan margi piyambakipun turun Narasoman ingkang sejati. Kaping kalihipun piyambakipun dereng nate rawung kaliyan Raden Ayu Sudarawerti, dados dereng nate anyakiti manahipun Nyai Blorong menika.” (PNB, 1996: 161).

Pethikan ing ndhuwur iki saka ngendikane Inspektur Bratawan minangka detektif sing nyelidiki kasus rajapati ing Omahe Nyai Blorong sawise andum layang wasiyat. Pethikan kasebut bisa dianalisis yen Raden Ayu Sudarawerti menehna bandha warisane kang gunggunge gedhe dhewe yaiku marang Raden Ayu Larasati. Larasati iki minangka pawongan kang pener lan trep miturut golongan ahli waris kang bisa nerima warisan yen pewaris ora nduwensi turunan miturut adat Jawa lan uga miturut hukum kang lumaku ing Indonesia.

### Pambagene Warisan Sajrone Novel “The Testament” Anggitane John Grisham

Novel “The Testament” anggitane John Grisham iki nyritakake kahanan sawijining Milyarder, Mr. Troy L. Phelan mbagi warisane marang anak-anake lumantar layang wasiyat kang ditulis sadurunge dheweke seda. Sadurunge nulis layang wasiyat kang pungkasan iki, Troy Phelan sadurunge wis nate nulis layang wasiyat. Layang wasiyat kang wis ditulis sadurunge iku ora bisa lumaku maneh amarga anane layang wasiyat sing anyar.

Anak-anake Troy L. Phelan padha kaget lan ngamuk nalika Joshua Stafford minangka pelaksana layang wasiyate Troy ngumumake isi layang wasiyate Troy kang pungkasan. Pranyata sajrone layang wasiyat pungkasan kang wis ditulis dening Troy isine ora mung menehake bandha warisan marang kanem anak turun saka telung tilas bojone. Troy uga menehake warisan utama kang gunggunge gedhe dhewe marang anak turun saka bojone kang durung nate diweruhi karo kulawargane, jenenge Evelyn Cunningham, almarhum. Evelyn lan Troy nduwensi anak jenenge Rachel Lane Porter. Rachel bisa uga disebut anak luar nikah Troy, amarga dheweke ora ndafarake pernikahan sarta jeneng anake minangka kulawarga.

Bab andum warisan sajrone novel “The Testament” iki diatur lumantar layang wasiyat uga padha kaya andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong”. Layang wasiyat kang wis disiyapake dening Troy L. Phelan uga nuwuahake konflik antar paragane. Layang wasiyat kasebut ditulis kanthi aturan hukum Virginia minangka negara bageyan Amerika Serikat. Pambagene warisan sajrone novel “The Testament” anggitane John Grisham iki bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

### a) Pambagene Warisan Adhedhasar Hukum Waris Perdata ing Virginia, Amerika

Pambagene warisan sajrone novel “The Testament” anggitane John Grisham yaiku mesthine nggunakake aturan sarta sudut pandhang hukum perdata kang lumaku ing Negara Virginia, yaiku Negara bageyan Amerika Serikat. Bab sudut pandhang kang luwihi nengenake marang hukum kasebut, amarga pengarange yaiku John Grisham lulusan sekolah hukum lan uga tau dadi pengacara. Kahanan sosial lan budaya pengarang uga nduwensi pengaruh marang asil novel kang ditulis. Pambagene warisan sajrone novel “The Testament” adhedhasar hukum waris perdata kang lumaku ing Virginia bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

#### 1) Hukum Waris Perdata Ngenani Revisi Layang Wasiyat ing Virginia

Hukum waris perdata ngenani revisi layang wasiyat wis diandharake ing bab loro. Bab kang nuduhake yen andum warisan sajrone novel “The Testament” iki adhedhasar hukum waris perdata yaiku kaya pethikan ing ngisor iki.

“Saka 1982 nganti 1996, aku nyiyapake suwelas layang wasiyat kanggo Mr. Phelan... Aku nyimpen layang wasiyat kasebut ing kantor, lan mesthi uga nggawa sing pungkasan dhewe. Nalika napak asmani layang wasiyat sing anyar, kita- Mr Phelan lan aku mlebokake sing lawas menyang mesin kanggo ngancurake dluwang sing ana ing cedhak meja kerja. (TT, 1999: 336)

Pethikan ing ndhuwur mujudake bab kang nerangake yen sajrone novel “The Testament”, pengarang nggunakake sistem hukum perdata Virginia nalika andum warisan. Pewaris kang mariske bandha warisane lumantar layang wasiyat bisa nggugurake utawa ngganti layang wasiyate sadurunge karo layang

wasiyat sing anyar. Layang wasiyat bisa direvisi utawa diubah nalika pewaris nikah, cerai utawa nduwensi masalah kang signifikan sajrone kulawargane. Anane revisi layang wasiyat ndadekake layang wasiyat kang wis ditulis sadurunge ora bisa lumaku maneh. Layang wasiyat kang wis diganti kudu disekseni, disetujui lan disahake dening notaris utawa pihak Bandha Lumeksa, lan saorane kudu ana rong seksi.

### 2) Hukum Waris Perdata Ngenani Penggugatan Layang Wasiyat

Pambagene warisan sajrone novel “*The Testament*” iki nuwuhake pradondi antarane kulawarga ahli waris. Warisan kang wis diatur dening pewaris lumantar layang wasiyat bakal diprekarakake dening anak-anake. Layang wasiyat kasebut diprekarakake utawa digugat amarga para ahli waris ora sarujuk marang isi layang wasiyat kasebut. Pethikan ing ngisor iki nuduhake yen nalika ahli waris nggugat layang wasiyat kang wis digawe dening pewaris titikane kudu kaya mangkene.

Poin sepisan: mung ana rong dhasar kanggo nggugat layang wasiyat ing Virginia- pengaruh kang kurang apik lan kurange kapasitas mental. Amarga ora ana kang ngenal Rachel Lane, bisa dianggep dheweke mung sithik utawa ora nduwensi gegayutan karo Troy. (TT, 1999: 235)

Hukum waris perdata ing Virginia panceñ sarujuk yen layang wasiyat bisa digugat nalika pewaris kang nulis layang kasebut kahanan mentale kurang waras. Mr.Troy L. Phelan sadurunge nate ngaku yen dheweke nduwensi lara tumor ing uteke. Anak-anake Troy L. Phelan nduwensi idhe nekakake telung psikiater kanggo nguji kapasitas mentale. Telung psikiater kasebut sarujuk yen Troy L. Phelan kahanan mental lan jiwane apik-apik wae lan ora ditemokake tumor ing uteke. Kesaksian telu psikiater iku direkam ing kamera cctv lan dadi bukti yen ana sing nggugat kahanan mentale Troy.

Pengacara saka kulawarga ahli waris sing bakal nggugat layang wasiyat ditampik dening Josh Stafford minangka pelaksana layang wasiyate Troy L. Phelan. Para ahli waris Troy Phelan ora tliti anggone nggugat layang wasiyat kasebut. Para ahli waris sadurunge wis sarujuk yen kondisi kajiwane Mr. Phelan apik nalika napak asmani layang wasiyat sing pungkasan samarine Troy Phelan dites karo katelu psikiater. Yen para ahli waris Phelan yaiku anak-anake sing padha males nyambut gawe iku oleh jatah warisan akeh, acara nggugat layang wasiyat iku ora bakal ana. Bab iki kang digawe para pengacarane Mr. Troy L. Phelan duwe bukti kuwat yen layang wasiyat kasebut sah lan ora bisa digugat.

### 3) Hukum Waris Perdata Ngenani Garwa Sing Wis Dicerai

Pambagene warisan adhedhasar hukum waris perdata sajrone novel “*The Testament*” iki uga bisa diawas saka pethikan ing ngisor iki. Pethikan kasebut ngandharake ngenani bandha warisan kang ora bakal ditrima dening tilas garwane pewaris.

Kanggo sekabehe tilas garwaku, Lillian, Janie, lan Tira, aku ora ninggalake apa-apa. Katedune wis nampa hak-e nalika cerai. (TT, 1999: 38)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Mr. Troy

L. Phelan tundhuk marang hukum waris perdata ing Virginia. Mr. Troy L. Phelan ora menehi bandha warisane marang katelu tilas garwane. Bab kasebut bisa kadeleng sajrone undang-undang perdata ing Amerika yen perningkahan wis paripurna kanthi anane perceraian utawa wis dinyatake batal, tilas pasangane ora bakal ngolehake bageyan warisan (Â§ 64,2-412). Mr. Troy wis menehi hak utawa warisan marang para mantan bojone nalika dheweke cerai utawa pisah. Mulane nalika Mr. Troy wis seda, dheweke ora menehi warisan maneh marang katelu tilas garwane.

### Pambagene Warisan Lumantar Layang Wasiyat Holografis

Bab andum warisan sajrone novel “*The Testament*” iki dipasrahake marang pawongan kang diprecaya lumantar layang wasiyat. Layang wasiyat sajrone novel iki kang nggawe setting crita ing Amerika Serikat nduwensi prosedur lan syarat tartamtu. Layang wasiyat kudu ditulis tangan dhewe dening pewaris. Layang wasiyat uga ditapak asmani lan diwenehi tanggal dening pewaris, lan pihak hukum uga mbutuhake tapak asma saka rong saksi lan uga notaris. Yen prosedur sarta syarat kasebut wis jangkep kabeh, layang wasiyat bisa lumaku (Â§ 64,2-403).

“Ana rong pawongan ing kene. Sing sepisan pengacara, kang njlentrehake yen dheweke nate ndeleng Rachel Lane Porter napak asmani layang wasiyate ing kantore, ing Corumbá. Rachel sehat mentale. Lan dheweke ngerti apa kang ditindakake. Tapak asma pengacara iku kanthi resmi disekseni karo, apa-“  
“Sawijine notaris.”(TT, 1999: 611)

Layang wasiyate Rachel Lane digawe ing Corumba. Pethikan kasebut dipethik saka omongane paraga Nate lan Jevy. Rachel Lane mercayakake marang pegacara ing Corumba kanggo ngurus layang wasiyate. Layang wasiyat iku disahake lan wis dilegalisir karo notaris. Pewaris sawise nemtokake isi layang wasiyat banjur napak asmani layang wasiyat kasebut. Notaris lan loro seksi kudu ana lan wajib nyekseni proses tapak asma, sarta katelu wong iku kudu napak asmani uga layang wasiyat kasebut. Loro seksi sing nyekseni panulisan layang wasiyate Rachel Lane yaiku pengacara lan sekretaris pengacara, banjur disahake dening notaris.

Layang wasiyat sing digawe sajrone novel “*The Testament*” iki disebut layang wasiyat holografis. Layang wasiyat holografis yaiku layang wasiyat kang sakabehe ditulis tangan lan ditapak asmani dening pewaris dhewe. Layang wasiyat holografis samarine diresmikna utawa disahna, banjur diwenehna notaris kanggo disimpel. Pethikan ing ngisor iki nuduhake yen

Rachel Lane lan Troy L. Phelan nulis dhewe layang wasiyate.

Dokumen iki dikarepake minangka layang wasiyat holografis. Saben tembung ditulis karo tanganku dhewe, lan kanthi anane iki aku napak asmani. (TT, 1999: 609)

Rachel Lane Porter niru bapane yaiku nggawe layang wasiyat holografis kanggo nemtokake bandha warisan sing bakal diolehake playune menyang endi wae. Layang wasiyat holografis kalebu kuat yen digugat dening hukum. Layang wasiyate Rachel Lane iki ditulis amarga Rachel ora pengen nggawe dhuwit warisane saka Bapane yaiku Troy L. Phelan, nanging dheweke uga ora nulak warisan kang wis diwenehake marang dheweke. Rachel Lane sadurunge seda dheweke nyempatake nulis layang wasiyat holografis kanggo bandha warisan kang bakal diwarisake. Panulisan layang wasiyat uga perlu nemtokake pelaksana eksekutor kanggo ngurusi layang wasiyat. Panulisan layang wasiyat ing Negara Amerika Serikat penting banget lan wajib kanggo wong kang wis mlebu kriteria pewaris. Panulisan layang wasiyat uga wis lumrah lan gampang banget ditindakake ing Amerika Serikat. Bab panulisan layang wasiyat uga kudu disekseni dening saorane rong seksi lan notaris. Rong seksi lan notaris kasebut uga kudu melu napak asmani layang wasiyat kang wis digawe dening pewaris.

#### Pambageyan Warisan Adhedhasar Garis Keturunan

Warga Amerika kang nduweni kebiasaan ora apik yaiku seneng pergaulan bebas nuuhake akeh anak haram utawa anak luar nikah kang ora duwe kepastian saka kaloro wong tuwane. Paraga Rachel Lane Porter sajrone novel “*The Testament*” iki minangka anak saka hubungan luar nikah antarane Mr. Troy L. Phelan lan Evelyn Cunningham. Sawise Rachel Lane lair, Mr.Troy ora nate niliki anake. Troy menehake anake marang pendheta tuwa kanggo dirumat. Evelyn stress banjur kendat lampus dhiri amarga anake digawa Mr.Troy. Rachel Lane ora tau ngerti bapane, nanging Troy isih mantau kahanan anake nganti dheweke arep mati.

Pambagene warisan miturut hukum kang lumaku ing Virginia yaiku dibagikake marang anak-anake. Kabeh anak saka pewaris mesthi oleh bandha warisan, nanging gunggunge beda-beda. Anak kang dimaksud ora mung saka anak kandhung wae, nanging anak luar nikah sarta anak angkat uga nduweni hak kanggo ngolehake bandha warisan.

“Ya, lan kaya kang kokngerten ikanthi apik, adhedhasar hukum Virginia bandha warisane bakal diwenehna antarane anak-anake. (TT, 1999: 337)

Bandha warisan mutlak bakal diolehake dening saben anak-anake pewaris. Para anake Mr. Troy L. Phelan wis padha ngenteni lan pengin weruh pira bandha warisan kang bakal ditampa. Anak-anake Mr. Troy wis ora sabar ngenteni proses layang wasiyat diwacakake dening Josh Stafford minangka pelaksana layang wasiyate Troy. Pethikan ing ngisor iki kapethik saka layang wasiyate Troy L. Phelan kang mariske bandha warisane marang anak-anake.

Kanggo saben anakkku, Troy Phelan Jr., Rex Phelan, Libbigail Jeter, Mary Ross Jackman, Geena Strong, lan Ramble Phelan, aku ninggalake dhuwit kang diprelokake kanggo nglunasi utang-utange nganti dina iki. Utang apa wae kang digawe sawise dina iki ora bakal ditutup karo dhuwit iki.

Sisa bandha kasugihanku, daktinggalna kanggo anakkku wadon, Rachel Lane, kang lair 2 November 1954 ing Chatolic Hospital ing New Orleans, Louisiana, anak saka wanita kanthi asma Evelyn Cunningham, almarhum. (TT, 1999: 39)

Troy mariske bandha warisane marang kabeh anake. Kanem anake Troy L. Phelan saka telu tilas garwane kang wis pisah ditinggali bandha warisan (duwit) kang diperlokake kanggo nglunasi utang saben anak-anake nganti dina diwacakake layang wasiyat iku.

Troy L. Phelan ora mbedakake antarane kanem anak sah-e lan anak kang ora sah-e. Kanem anak sah-e yaiku Troy phelan, Jr., Rex Phelan, Libbigail Jeter, Mary Ross Jackman, Geena Strong, lan Ramble padha males nyambut gawe, lan padha njagakake warisane Bapane. Penggaweyane kanem anake Troy yaiku ngentekake dhuwite Bapane. Kahanan kanem anak kasebut nuuhake rasa bencine Troy marang sakabehe, saengga dheweke mung nyiyapake warisan kanggo nglunasi utang saka kanem anake mau. Troy nduweni pangrasa yen kanem anake mau diwenehni bandha warisan saka bandha kasugihane kang gunggunge meh 11 miliar dolar iku, kanem anak kasebut bakal langsung ngentekake digawe seneng-seneng.

Troy L. Phelan kang ora gelem bandha warisane ilang ngono wae ing tangan kanem anak sah-e, banjur dheweke nggolek informasi ngenani panggon urip anak luar nikahe. Troy L. Phelan luwih precaya yen sisa bandha warisane kang wis dijupuk kanggo nglunasi utang kanem anake mau diwenehna marang Rachel Porter. Rachel kang ora tau diramat karo wong tuwa asline iku kaget nalika oleh bandha warisan kang gunggunge gedhe banget. Rachel kang kerja dadi misionaris ing World Tribes ora pengin ngutik-utik lan

ngunakake bandha warisan saka Bapane, Troy L. Phelan. Rachel banjur nggawe layang wasiyat holografis uga kaya kang digawe Bapane. Rachel Lane mariske bandha warisane marang kagiyatan amal, organisasi, lan kanggo para misionaris World Tribes liyane kang mencar-mencar ing Amerika.

### **Bandhingane Pambagene Warisan Sajrone Novel “Pethite Nyai Blorong” lan Novel “The Testament”**

Bab kang mbedakake antarane panulisan layang wasiyat sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan “*The Testament*” yaiku amarga saka Negara kang beda lan kabudayane uga beda. Layang wasiyat sajrone “Pethite Nyai Blorong” isih sedherhana lan ora ngaggo seksi lan notaris kanggo nyekseni proses panulisan sarta tapak asma. Pewaris sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” iki nulis layang wasiyate dhewe, banjur dipasrahake marang pihak Bandha Lumeksa kanggo disimpen nganti pewaris seda. Panulisan layang wasiyat ing Jawa uga isih ora lumrah lan mung ditindakake karo pawongan kang pancen ora duwe anak turun gawe mariske, utawa warisane bakal digawe rebutan. Kahanan kasebut beda banget karo panulisan layang wasiyat ing Amerika kang wajib dileksanakake kanggo sapa wae wong kang wis kalebu kriteria pewaris.

Pambagene warisan adhedhasar garis keturunan antarane novel “Pethite Nyai Blorong” kang makili tanah Jawa lan novel “*The Testament*” kang makili Amerika iki nduweni pambda. Pambedane yaiku yen novel “Pethite Nyai Blorong” luwih nengenake mbagi warisan adhedhasar garis keturunan miturut hukum waris adat Jawa lan ora menehi warisan marang anak haram utawa anak ora sah. Nyai Blorong minangka pewaris sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” ora nduweni anak turun, lan nduweni tilas bojo sing ditinggalake. Sajrone hukum waris adat Jawa, sawijine Dhudha utawa Randha kang ditinggal seda bojone tetep ngolehake bandha warisan kaya kang wis diatur. Dene novel “*The Testament*” mbagi warisan adhedhasar garis keturunan miturut hukum perdata kang lumaku ing Virginia yaiku yen kabeh anak saka pewaris bakal oleh warisan senajan iku anak luar nikah. Garwa utawa bojo kang wis dicerai ora bakal nampa bandha warisan blas.

Antarane novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*” iki saliyane ana bab kang beda, uga ana bab kang padha. Bab kang padha saka kaloro novel kasebut yaiku kalarone padha nggawe tema warisan. Bab andum warisan saka kalarone yaiku padha, lumantar layang wasiyat kang ditulis dening pewaris marang ahli waris. Pewaris sajrone kaloro novel kasebut mariske bandha warisane kang gunggunge gedhe dhewe marang ahli waris kang

durung nate dikenal dening para ahli waris kulawargane kang cedhak karo pewaris. Ahli waris kang nampa warisan paling akeh sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” yaiku Larasati, anak turun saka kangmase Nyai Blorong kang sadurunge ora nate ketemu Nyai Blorong. Rachel Lane Porter uga dadi ahli waris kang ora dinuga dening para kulawargane Troy L. Phelan. Rachel mono anak luar nikahe Troy karo Evelyn kang ora nate diweruhi dening para kulawargane Troy.

### **Konflik Rebut Warisan Sajrone Novel “Pethite Nyai Blorong” Anggitane Peni**

Konflik minangka perangan saka panguripane manungsa. Konflik uga bisa tuwuhan jalaran anane kesenjangan antarane wong siji lan sijine yaiku disebabake rasa pengin nduweni samubarang tanpa ana saingane. Konflik kalebu perangan alur nalika ngandharake unsur intrinsik sajrone novel. Konflik iki yen diterusake bakal memuncak kang disebut klimaks. Klimaks konflik iki kang kerep nuwuhake rasa kecewa, sedhiih, ngamuk, lan sapiturute.

Konflik bisa ana lan bakal kedadeyan yen ana penyebabe. Penyebab anane konflik iku ora mung saka njero awake dhewe nanging uga bisa saka njaba utawa faktor eksternal. Konflik saka njero awake dhewe biasane disebut konflik batin. Konflik saka njaba awake dhewe disebut konflik eksternal. Konflik eksternal disebabake karo faktor eksternal. Faktor eksternal iku bisa arupa lingkungane paraga sajrone novel.

Novel “Pethite Nyai Blorong” iki nduweni konflik anggone rebut warisan. Konflik kang ana sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” iki maneka warna. Paraga kang nandhang konflik uga beda-beda. Meh saben paraga sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” nandhang konflik.

Konflik bisa ana lan bakal kedadeyan yen ana penyebabe. Penyebab konflik sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” yaiku anane layang wasiyat saka Raden Ayu Sudarawerti kanggo mbagi bandha warisane. Saliyane bab kasebut, masalah ekonomi, sipat serakah, iri, ora adil, omongan kang manas ati, lan solah bawa kang aeng uga dadi penyebab konflik sajrone novel “Pethite Nyai Blorong”.

Lingkungane paraga sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” iki nggawe settingan lingkungan wong Jawa yaiku Sala. Bab kasebut kawatas saka basa lan panggon paraga-paragane nglumpuk yaiku ing omahe Raden Ayu Sudarawerti kang ana ing Sala. Raden Ayu Sudarawerti utawa Nyai Blorong nalika seda menehi warisan marang para ahli warise. Nyai Blorong ora duwe putra turun cer, mula panjenengane andum warisan lumantar layang wasiyat kang wis cumepak ing pihak Bandha Lumeksa.

Prekara andum warisan iku ndadekake anane konflik kang nuwuhake rajapati uga srengen-srengenan antar paragane. Konflik-konflik iku bisa nuwuhake rasa sedhiih, kuciwa, wedi, ngamuk lan sapiturute. Konflik-konflik kang ditandhang dening para paraga sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” nduweni reaksi kang beda-beda. Reaksi paraga nalika nandhang konflik yaiku luwih mendhem uneg-uneg sarta prekara kang ditindakake. Tuladhane paraga Wara Sukinah kang lagi srengen marang Pak Baskara, nanging dheweke ora blaka nalika ditakoni dening Pak Baskara ngenani larah-larahane kenapa dheweke srengen marang Pak Baskara.

### Konflik Rebut Warisan Sajrone Novel “*The Testament*” Anggitane John Grisham

Novel “The Testament” anggitane John Grisham kang nyritakake bab andum warisan lumantar layang wasiyat iki apik banget alure. Alur Sing apik mesthi nduweni konflik kang ruwet lan jero kanggo bumbu sing bakal nyedhepake sakabehe alur ing novel iki. Konflik-konflik iku mau nuwuhake klimaks lan pungkasane kang beda-beda. Alur tanpa konflik ora bakal bisa dinikmati kara pamaca. Suwlike, konflik tanpa anane klimaks uga ora bisa dinikmati. Konflik biyasane digawe bumbu sajrone novel. Konflik-konflik cilik kang kedadeyan sajrone novel iku kang njalari anane konflik gedhe lan uga bisa disebut klimaks. Klimaks iki sing dienteni dening para pamaca.

Konflik-konflik antar paraga kang ana sajrone novel “*The Testament*” yaiku tuladhane konflik antarane Wally lan Hark Gettys.

Sangarepe Libbigail, Wally nelpon Hark Gettys lan wiwit adu omong lumantar telpon sasuwene limalas menit. Dheweke wira-wiri ing sawalike meja kerjane sinambi lembayan tangan lan mbentak mbengoki lawan wicarane. “Aku wani mateni kanggo kliku!” pambengoke Wally, lan Libbigail ngrasa seneng banget. (TT, 1999:87)

Kasrakahane Hark Gettys njalari anane konflik antar pengacara. Konflik antarane Hark Gettys lan Wally ora adu fisik, nanging adu omong lumantar telpon. Saukara kang nuduhake yen Wally ngamuk banget karo Hark Gettys yaiku “Aku wani mateni kanggo klienku!” Libbigail ngrasa seneng duwe pangacara kaya Wally kang wani kaya ngono. Ukara kasebut nuduhake Wally kanthi blaka ngamuk lan menehi *statement* utawa ancaman marang Gettys amarga Klien-e dijupuk Hark. Konflik kembangan iki bisa dadi kaca benggala marang pamaca yen sajrone urip kita ora oleh srakah lan seneng jupuk apa sing diduweni liyan.

### Bandhingane Konflik Rebut Warisan Sajrone Novel “Pethite Nyai Blorong” lan Novel “*The Testament*”

Konflik rebut warisan antar paraga sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan Novel “*The Testament*” iki mesthine nduweni bab kang padha lan beda. Konflik kang ditandhang dening para paraga sajrone kaloro novel kasebut nduweni reaksi kang beda-beda. Reaksi paraga nalika nandhang konflik sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” yaiku luwih mendhem uneg-unege sarta prekara kang ditindakake. Konflik antarane Wara Sukinah lan Paklik Baskara bisa dadi tuladha yen masyarakat Jawa iku mesthi ngegungake sipat sopan lan alus. Masyarakat Jawa kerep ngindhari awake saka konflik kang ditandhang karo wong liya. Bab kasebut ditindakake dening para novel “Pethite Nyai Borong” amarga wong Jawa nduweni watek ora gelem rame saengga para paraga seneng mendhem prekara antarane paraga siji lan liyane. Masyarakat Jawa tarkadhang uga nduweni sipat gampang kesinggung karo omongane wong. Yen sawijine wong Jawa lagi kesinggung marang omongane liyan, wong kasebut luwih milih meneng lan mbatin utawa mendhem konflik kang nggrundhel ing batine. Sikap alus kang diduweni wong Jawa iku kadhang kala ora apik, amarga bisa nyebabake wong Jawa cenderung nduweni konsepsi ngenani awake kang dualistik.

Reaksi paraga sajrone novel “*The Testament*” anggitane John Grisham iki nalika nadhang konflik luwih blaka lan ora mendhem prekara kaya paraga sajrone novel “Pethite Nyai Blorong”. Paraga sajrone novel “*The Testament*” yaiku warga Virginia, Negara bageyan Amerika Serikat luwih blaka nalika nandhang sawijine konflik utawa prekara. Bab kasebut mesthine oleh pengaruh saka lingkungan masyarakat sakupenge. Masyarakat barat ateges masyarakat Negara Virginia, Amerika Serikat rata-rata ora tau mendhem konflik kang ditandhang dening awake lan wong liya. Masyarakat kasebut luwih blaka nyampekake uneg-unege marang wong liya lan mesthi ngutamakake segi hukum kanggo ngrampungake saben masalah.

Bab warisan iki nuwuhake anane konflik utawa pradondi antarane paraga siji lan liyane. Sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” pradondi ngenani bandha warisan kang paling gedhe nuwuhake anane rajapati. Saka pradondi rebutan warisan iku mau ana loro kang dadi kurban, yaiku Pak Baskara lan Pak Truna. Ing novel “*The Testament*” iki bab warisan uga nuwuhake konflik utawa pradondi marang para pihak kulawargane Troy karo para pengacarane lan pelaksana layang wasiyate Troy, nanging ora nganti ana kurban rajapati.

Bab kang padha saka konflik rebut warisan antar paraga sajrone Novel “Pethite Nyai Blorong” Anggitane Peni lan Novel “*The Testament*” Anggitane

John Grisham yaiku kabeh paragane rata-rata nandhang konflik karo paraga liyane. Saka konflik iku mau mesthi ana sing dadi penyebabe lan bakal nuwuhake rasa streng, kuciwa, kuwatir, lan sapiturute. Konflik antara paraga sajrone kaloro novel iku disebabake karo bab kang padha yaiku rebutan warisan.

#### Cara Ngrampungake Andum Warisan Sajrone Novel “Pethite Nyai Blorong” Anggitane Peni Kawawas Segi Sosial lan Budaya

Pungkasane cara ngrampungake andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni yaiku dipasrahake kabeh marang pihak Bandha Lumeksa. Novel “Pethite Nyai Blorong” kang setting critane ing tanah Jawa iki mesthine uga nduwensi pengaruh marang cara pungkasane andum warisane. Budaya Jawa kango Tradisional lan ora gelem rame sarta welas asih nyatane kabukten sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” anggitane Peni iki. Kahanan sosial masyarakat Jawa sajrone novel iki uga mengaruhi cara ngrampungake proses andum warisan.

Larasati, paraga utama kang antuk warisan kanthi gungunge gedhe dhewe saka liyane iki kudu nyekseni rajapati amarga bandha warisane Nyai Blorong. Larasati kang maune kerja minangka juru rawat ing sawijine rumah sakit Surabaya, diutus menyang Sala kango nampa warisane Nyai Blorong. Larasati bingung lan ora ngerti apa-apa ngenani Nyai Blorong lan bandha warisane. Larasati uga ora weruh ngenani paraga Raden Ayu Sudarawerti utawa kang kondhang disebut Nyai Blorong sadurunge dikandhani dening Paklik Baskara. Kabeh bandha warisan kang wis ana jatahe dhewe-dhewe iki isih digawe rebutan dening ahli warise Nyai Blorong. Larasati sejatiné uga ora weruh panggon bandha raja branane Nyai Blorong kang kasimpen ana ing peta. Pituduh ngenani peta iku mau kaya kang katulis ing layang wasiyat. Peta panggon raja brana iku mau nuwuhake anane rajapati kang ngilangake nyawa wong loro. Nalika ana kedadeyan rajapati kasebut, Larasati banjur masrahake prekara ngenani pambagene warisan iku mau marang Pihak Bandha Lumeksa kang luwih ngerti bab warisan.

Dene bab bandha-bandhu kang wajib dadi duwekku, manut pamrayogane Inspektur Bratawan, kapasrahnna wae marang Bandha Lumeksa, ben diurus. Aku mung kari mbayar ongkos administrasine.

Aku nampa beres. (PNB, 1996: 191)

Larasati sing ora weruh larah-larahane mung bisa pasrah marang pihak Bandha Lumeksa kango ngolehake bandha warisane Nyai Blorong sing ditujukake marang dheweke kanggo diawat-awati minangka turunan dharah narasomane. Budaya wong Jawa kango ora seneng rame kadeleng saka paraga

Larasati iki. Bandha warisan kang nuwuhake pradondi antarane ahli waris iki bisa dipungkasi kanthi anane watek masyarakat Jawa kango welas asih lan ora gelem rame marang wong liya utawa kulawarga dhewe iki. Rasa kulawargan uga ana sajrone ngrampungake bab andum warisan iki.

Pungkasane crita andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” iki, paraga Larasati kang oleh bandha warisan gedhe dhewe nyatakake yen dheweke mupakat yen bandha warisane diurus dening pihak Bandha Lumeksa kanthi aturan hukum kang lumaku ing tanah Jawa lan adhedhasar layang wasiyat saka Nyai Blorong. Saka pihak Banda Lumeksa bakal mbagi warisan kang wis dibagi lumantar layang wasiyat iku kanthi adil. Rajapati kang wis ngilangake nyawa wong loro iku bakal dikunjara lan ora nampa bandha warisan blas saka Raden Ayu Sudarawerti utawa Nyai Blorong.

#### Cara Ngrampungake Andum Warisan Sajrone Novel “The Testament” Anggitane John Grisham Kawawas Segi Sosial lan Budaya

Kahanan sosial lan budaya Amerika mengaruhi proses ngrampungake andum warisan sajrone novel “The Testament” iki. Kahanan sosial masyarakat Amerika kang kerep acuh marang liyan iku nuwuhake rasa ora precaya dening liyan, apa maneh ngenani warisan. Masyarakat Amerika kang rata-rata pengusaha, bisnismen, utawa kerja kantor liyane wiwit cilik wis diajari kango bisa ngolehake dhuwit dhewe. Masyarakat Amerika uga wis biyasa utawa lumrah yen nalika wis ngancik umur 18 taun mendhuwur, bisa nggawe layang wasiyat. Panulisan layang wasiyat ing Amerika wis lumrah ditindakake karo sapa wae pawongan sing pengin mariske bandha donyane marang liyan.

Kahanan budaya masyarakat Amerika yaiku apa wae tumindak mesthi dinilai saka segi hukum. Hukum ing Amerika lan Negara bageyane kayata Virginia ketat banget lan gunane pancen ngatur warga negarane supaya ora kebablasen olehe tumindak. Hukum ing Negara Virginia utamane ngenani bab warisan iki bakal disahake utawa diputusne karo Hakim lan Juri sajrone pengadilan. Mula, nalika ana kedadeyan kang ora lumrah, masyarakat Amerika langsung nglapurna marang pihak kang bisa ngatasi masalah kasebut, kayata pulisi, pihak Bandha Lumeksa, lan sapiturute.

Kedadeyan andum bandha warisan sajrone novel “The Testament” anggitane John Grisham iki, pungkasane para ahli waris kang wis dipilih ora bingung lan susah, dheweke masrahake prekara

kasebut marang pulisi lan pengacara kanggo mbagi warisane.

“Klienku bakal sarujuk 50 yuta”, wangslane Nate.

“oke, yen ngono,”wangslane, “Apa kita wis sarujuk?”

“Sarujuk”, Hark nyatakake, 26 yuta dolar luwih akeh. Pasarujukan iku ora lengkap nganti ditapak asmani lan disarujuki dening Rachel Lane. (TT, 1999: 589)

Pungkasane crita andum warisan sajrone novel *“The Testament”* yaiku para pengacara kang wis disewa dening para ahli waris iku sarujuk nemtokake pira gungunge bandha warisan kang bakal ditampa dening saben ahli warise. Pungkasane andum warisan sajrone novel iki ora murni kaya kang katulis ing layang wasiyate pewaris. Josh Stafford minangka pelaksana layang wasiyate Troy rembugan karo Nate lan nggawe siyasat yen bandha warisane Troy iki kudu diedum kanthi nominal kang patut, nanging ora ngrugikake lan ora ninggalake pesen layang wasiyat kasebut.

Nate O’Rilley minangka pengacarane Rachel kang katulis ing layang wasiyat iku padha negosiasi karo para pengacara ahli waris liyane. Pungkasane Nate lan para pengacara sarujuk lan mupakat yen saben ahli waris kejaba Rachel Lane Porter bakal nampa bandha warisan gedhene 50 juta dolar Amerika. Rachel Lane isih tetep oleh bandha warisan gedhe dhewe saka jumlah warisan sakabehe sawetara 11 milyar dolar Amerika. Sisa bandha warisan sing wis disuda kanggo kanem ahli waris anake Troy L. Phelan kasebut lan biaya kanggo mbayar pengacara lan proses hukum, bakal ditampa dening Rachel Lane Porter.

Ing sisih liya, ahli waris kang bakal nampa warisan paling akeh yaiku Rachel Lane Porter ora gelem njupuk senajan mung sa-sen saka bandha warisane Bapane yaiku Mr. Troy L. Phelan. Bandha warisan jatahe Rachel Lane bakal disumbangake marang *World Tribes*, wong mlarat, lan wong-wong sing mbutuhake uluran tangan. Jiwa Rachel Lane welas asih banget. Rachel Lane Porter taat agamane, saengga ora nduweni sipat srakah kaya kang diduwensi dening paraga liyane kang ana sajrone novel *“The Testament”* iki. Paraga Rachel Lane Porter sajrone novel *“The Testament”* iki bisa didadekake panutan kanggo urip bebrayan ing masyarakat.

### Bandhingane Cara Ngrampungake Andum Warisan Sajrone Novel “Pethite Nyai Blorong” lan Novel *“The Testament”* Kawatas Segi Sosial lan Budaya

Cara mungkasi utawa ngrampungake proses andum warisan sajrone kaloro novel kasebut nduweni bab kang padha yaiku dipasrahake marang pihak

Bandha Lumeksa utawa pihak hukum waris Negara ing ngendi novel iku ditulis. Cara kasebut digunakake supaya para ahli waris bisa nampa warisan kaya kang wis ditetepake dening pewaris tanpa anane pradondi maneh.

Dene bab kang beda sajrone cara ngrampungake andum warisan antarane Novel *“Pethite Nyai Blorong”* anggitane Peni lan novel *“The Testament”* anggitane John Grisham iki pambedane ora patia ana. Bedane mung saka paraga kanggo mbantu ngrampungake proses andum warisan. Novel *“Pethite Nyai Blorong”* anggitane Peni masrahake sakabehe putusan sepira akehe bandha warisan kang ditampa Larasati marang pihak Bandha lumeksa yaiku Den Bei Jayatenaya kanthi kulawargan. Larasati mung manut nerima wae apa kang dadi asil saka keputusane pihak Bandha Lumeksa iku mau. Yen sajrone novel *“The Testament”* anggitane John Grisham, bandha warisan kang bakal ditampa dening ahli waris dipasrahake marang pengacara, pihak kapulisen sarta Hakim Pengadilan lan Juri kang ngurusi hukum waris saka pewaris Mr. Troy L. Phelan. Hakim Pengadilan ing Virginia nduweni peran penting kanggo mutusake kabehe prekara kang diurus. Masyarakat Virginia uga bisa dadi Juri kang melu nemtokake asile prekara kang dibahas sajrone Pengadilan.

### PANUTUP

#### Dudutan

Panliten iki nliti ngenani sastra bandhingan. Karya sastra kang dibandhingake yaiku novel. Novel kang ditliti yaiku novel *“Pethite Nyai Blorong”* anggitane Peni kanthi basa Jawa lan novel terjemahan saka Amerika *“The Testament”* anggitane John Grisham kanthi basa Indonesia. Kaloro novel kasebut dibandhingake nggunakake unsur afinitas. Kaloro novel kasebut dipilih amarga nduweni crita kang meh memper yaiku ngenani bab andum warisan lumantar layang wasiyat. Kaloro novel kasebut nduweni bab kang beda uga senajan isine memper. Novel *“Pethite Nyai Blorong”* nggunakake hukum waris adat Jawa sajrone andum warisan, yaiku kaya andum warisan adhedhasar garis keturunan masyarakat parental/bilateral lan adhedhasar sistem individual masyarakat Jawa. Sajrone novel *“The Testament”* nggunakake hukum waris perdata kang lumaku ing Virginia kanggo andum warisan kayata hukum waris perdata ngenani revisi layang wasiyat, penggugatan layang wasiyat, garwa kang wis diceraian, lan ngenani andum warisan adhedhasar garis keturunan.

Konflik kang ditandhang dening para paraga sajrone kaloro novel kasebut nduweni reaksi kang beda-beda. Reaksi paraga nalika nandhang konflik sajrone novel *“Pethite Nyai Blorong”* yaiku luwih mendhem uneg-uneg sarta prekara kang ditindakake, dene novel *“The Testament”* reaksi paragane nalika nadhang konflik luwih blaka lan ora mendhem prekara. Bab

kasebut ditindakake dening paraga novel “Pethite Nyai Borong” amarga wong Jawa nduwensi watek ora gelem rame saengga para paraga seneng mendhem prekara antarane paraga siji lan liyane. Paraga sajrone novel “*The Testament*” yaiku warga Virginia, Negara bageyan Amerika Serikat luwih blaka nalika nandhang sawijine konflik.

Proses andum warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*” nuwuhake pradondi nganti anane rajapati. Cara mungkasi proses andum warisan sajrone kaloro novel kasebut yaiku dipasrahake marang pihak Bandha Lumeksa utawa pihak hukum waris Negara ing ngendi novel iku ditulis. Cara kasebut digunakake supaya para ahli waris bisa nampa warisan kaya kang wis ditetepake dening pewaris tanpa anane pradondi maneh.

### Pramayoga

Panliten iki bisa ngegengake panliten sastra bandhingan minangka wujud kritis sastra Jawa modern, senajan sing ditliti isih sacuwil saka unsur pandhangan karya fiksi. Tumrap pamaca, panliten iki bisa nambah wawasan ngenani piguna tintingan sastra bandhingan yaiku mbandhingake rong karya sastra novel saka rong Negara kang beda lan menehi wawasan marang pamaca ngenani hukum warisan lan cara andum warisan ing Jawa lan Amerika. Panliten iki uga bisa dadi pasinaon sastra kanggo mahasiswa ngenani sastra bandhingan.

Panliten ngenani pambagene warisan sajrone novel “Pethite Nyai Blorong” lan novel “*The Testament*” iki isih akeh kang durung ditliti kanthi jeru. Dhata kang kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi, pitedah kang asipat mangun luwih becik kanggo panliten isih banget dikarepane dening panliti. Matur nuwun.

### KAPUSTAKAN

Ariefyanto, M. Irwan. 5 Desember 2011. *Biografi John Grisham*. (Online). <http://biografinya.blogspot.com/2011/12/john-grisham.html>, diunduh 28 Januari 2015.

American Bar Assosiation. 2015. *Introduction to Wills*. (Online). [http://www.americanbar.org/groups/real\\_property\\_trust\\_estate/resources/estate\\_planning/an\\_introduction\\_to\\_wills.html](http://www.americanbar.org/groups/real_property_trust_estate/resources/estate_planning/an_introduction_to_wills.html), diunduh tanggal 30 Maret 2015.

Aziz, Ahda S. 2 Maret 2012. *Sistem Sosial Jawa*. (Online). <http://ahdasaiulaziz.blogspot.com/2012/02/sistem-sosial-jawa.html>, diunduh tanggal 7 Mei 2015.

Brata, Suparto. 1996. *Pethite Nyai Blorong*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Damono, Sapardi Djoko. 2005. *Pegangan Penelitian Sastra Bandingan*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.

- Grisham, John. 1999. *The Testament*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Haryati, Ayank. 29 Desember 2012. *Hukum Waris Adat*. (Online). <http://ow.ly/KNICZ>, diunduh 25 Maret 2015.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Gramedia.
- \_\_\_\_\_. 1993. *Merambah Matahari: Sastra dalam Perbandhingan*. Surabaya: Gaya masa.
- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Perangin, Effendi. 2013. *Hukum Waris*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.
- Pimpi. 28 September 2009. *Arti Warisan*. (Online). <https://dreamindonesia.wordpress.com/tag/arti-warisan/>, diunduh 30 Februari 2015.
- Putra, Raden Sanopa. 5 Mei 2013. *Analisis Komparatif*. (Online). <http://radensanopaputra.blogspot.com/2013/05/analisis-komparatif.html>, diunduh 10 Agustus 2015.
- Rejo, Uman. 7 Maret 2012. *Jendela Sastra. Kajian Pengaruh dalam Sastra Bandhingan*. (online). <http://www.jendelasastracom/wawasan/artikel/kajian-pengaruh-dalam-sastra-bandhingan>, diunduh 6 Mei 2014.
- Sahnon, Ahmad. 1995. *Kesusasteraan Melayu dan Kesusastraan Dunia: Suatu Pertembungan*. Kuala Lumpur: Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Silalahi, Ulber. 2009. *Metode Penelitian Sosial*. Bandung: Refika Aditama
- Sugiharto, Gatot. 25 Desember 2008. *Sistem Hukum Amerika Serikat*. (Online). <http://wwwgats.blogspot.com/2008/12/sistem-hukum-amerika-serikat.html>, diunduh tanggal 2 Mei 2015.
- Suwondo, Tirto dkk. 2006. *Antologi Biografi Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Adi Wacana.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pusaka Jaya.
- Virginia Decoded. 2013. *Wills, Trusts, and Fiduciaries*. (Online). <https://vacode.org/64.2/>, diunduh tanggal 2 Mei 2015.
- Wellek, Rene lan Austin Warren. 1989. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.
- Wicaksono, F. Satriyo. 2011. *Hukum Waris*. Jakarta: Transmedia Pustaka.
- Tanpa Aran. *Mengenal-Hukum-Waris-di-Indonesia*. (Online). <https://www.futuready.com/articleDetail/index>, diunduh tanggal 20 Maret 2015.